

Pwen diskisyon jeneral pou patnè yo sou finisman benefis manje dijans SNAP COVID-19 (Alokasyon SNAP pou Ijans)

Yon nòt pou patnè yo: Yo bay pwen diskisyon sa yo kòm yon gid pou konvèsasyon epi yo pa dwe distribye yo. Konvèsasyon an dwe adapte pou reponn a bezwen ak kesyon byen presi yon moun genyen. Genyen resous ki mansyone anba a pou èd.

- Depi Avril 2020, pifò moun nan Oregon ki resevwa SNAP te resevwa chak mwa tou benefis manje siplemantè pou ijans sou kat EBT yo a (Oregon Trail). Gouvènman federal la te kreye benefis sa a pou ede pou ijans sante piblik COVID-19 la.
 - Benefis manje dijans yo se yon montan diplis ki ajoute nan kat EBT yo ozalantou 11^{yèm} oswa 12^{yèm} jou nan mwa a.
- **Fevriye se pral dènye mwa yo otorize benefis manje dijans yo. Moun k ap resevwa SNAP yo ap kontinye resevwa benefis SNAP yo a an Mas 2023 epi chak mwa apre mwa Mas.**
 - Benefis SNAP la se kantite lajan moun yo jwenn sou kat yo a ant 1^{ye} jou ak 9^{yèm} jou chak mwa.
- Pandan dezan, ODHS t ap bay benefis manje dijans pou plizyè santèn milye fanmi k ap resevwa SNAP.
 - Benefis sa yo te ogmante toutbon kapasite moun yo pou yo jwenn ase manje ki bon pou sante pou tèt pa yo ak pou fanmi yo.
 - San benefis manje dijans sa yo, kèk moun nan Oregon ka fè fas avèk difikilte epi yo gen pwoblèm pou satisfè bezwen debaz yo.
- Moun yo ka tcheke kont ONE yo oswa kont EBT Edge yo pou wè konbyen benefis manje SNAP yo ye a san benefis manje dijans yo:
 - Nan paj tablodbò kont ONE yo a – Montan SNAP regilye a ap endike nan seksyon “Monthly Benefit Amount (montan benefis chak mwa)”
 - Nan aktivite kont EBT Edge yo a – Montan SNAP regilye a pral montan yo ajoute nan kat ou an ant 1^{ye} ak 9^{yèm} jou nan chak mwa.
- Moun ak fanmi ki afekte yo dwe kontakte patnè yo onivo Eta ak lokal san pèdi tan pou yo ka devlope yon plan pou reponn ak bezwen alimantè yo apre yo fin resevwa dènye mwa benefis manje dijans yo a. Resous yo gen ladan:
 - Enfòmasyon sou 211: Rele nan 2-1-1 oswa vizite www.211info.org/
 - Koneksyon Resous Vyeyès ak Andikap nan Oregon (Aging and Disability Resource Connection, ADRC): Rele nan 1-855-673-2372 oswa vizite www.adrcforegon.org/
 - Bank Manje Oregon (Oregon Food Bank) www.oregonfoodfinder.org/
 - Bank manje oswa distribisyon manje lokal

- Ajans Aksyon Kominotè nan zòn ou an: www.caporegon.org/
- Nenpòt lòt resous lokal ou rekòmande anjeneral pou moun ki gen pwoblèm pou yo gen mwayen pou jwenn ase manje.
- Fwaye yo ka benefisye nan pwogram Eta ak federal sa yo tou pou peye pou lòt depans yo:
 - **Pwogram Èd pou Enèji nan Kay pou Moun Revni Fèb lan (Low Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP)** ede kenbe moun an sekirite ak an sante grasa inisyativ ki ede moun yo ak fanmi yo pou frè enèji yo. Vizite EnergyHelp.us oswa rele nan 1-866-674-6327 pou jwenn enfòmasyon sou fason pou aplike pou asistans pou enèji.
 - Sèvis Lojman ak Kominotè Oregon (Oregon Housing and Community Services, OHCS) ofri **lòt èd anplis pou bòdwo sèvis piblik yo** anpasan pa ajans lokal yo. Ou ka aplike nan yon ajans lokal sou sitwèb yo a: <https://www.oregon.gov/ohcs/energy-weatherization/Pages/utility-bill-payment-assistance.aspx>.
 - **Pwogram Koneksyon Abòdab la** ofri yon rabè omwen \$30 pa mwa sou sèvis entènèt pou fwaye ki kalifye yo. Si w ap resevwa benefis nan men ODHS, ou gendwa kalifye otomatikman. Pou verifye kalifikasyon w oswa pou soumèt yon aplikasyon gratis san risk, vizite GetInternet.gov oswa rele nan 1-877-384-2575.
 - Yo ofri **èd pou lwaye ak lojman** anpasan pa OHCS. Vizite sitwèb OHCS la nan <https://www.oregon.gov/ohcs/housing-assistance/Pages/housing-assistance.aspx>.